

# Fè pwomosyon pou égalité pa mwayen edikasyon sou dwa moun

## Ayiti


2019 – 2024

### Sitiyasyon an jan li ye kounya

Ann Ayiti, gen yon seri jefò ki kontinye fèt pou pwoteje dwa moun. Malgré tout bagay sa yo, inegalite yo kontinye, sitou pou fanm yo.

Pami sa ki  
lakòz inegalite jan  
yo rive, gen

Yon enstabilite  
politik




Yon demokrasi ki p  
ap fonksyone e ki  
pa mete tout moun  
ladan I



Yon modèl kote  
se gason ki gen  
pouvwa

**2,5%**  
rive **11%**




fanm nan pòs kote moun ka  
pran desizyon nan estrikti k ap  
fè lwa oswa vote lwa ak nan  
kolektivite territoryal yo



**12%**

fanm deklare yo  
te sibi vyalans  
seksyèl nan lavi yo




**31%**


fanm deklare mari yo  
te gen kontwòl sou yo

### Rezulta ki vize a


### Otonomizasyon fanm yo ogmante pou égalité jan vanse nan kominote a



Lidèchip fanm yo  
ak gason yo  
ogmante



Kolaborasyon ant  
òganizasyon yo  
ranfòse



Jefò òganizasyon fanm  
yo ap fè pou angaje yo bô kote  
moun k ap pran desizyon  
yo ogmante

### Aksyon ki pwopoze yo

Pou fè pwomosyon pou égalité jan,  
pwojè a chwazi yon apwòch ki chita  
sou patisipasyon, ki gen ladan I:

Ranfòsman  
konesans ak  
kapasite

Kolaborasyon ant  
òganizasyon yo

Angajman ak moun k  
ap deside yo

### Zòn aktivite

Laviktwa

Tomasik

Gresye

Jakmèl

Canada

Fè pwoposyon pou égalité pa mwayen edikasyon sou dwa moun jwenn  
finansman Gouvernman peyi Kanada atravè Zafè Mondyal Kanada.

# Chwa tematik: Patisipasyon fanm yo nan desizyon k ap pran yo

## Istorik

Pwojè a ranfòse patenarya ant Equitas ak Gwoup k ap Apiye Rapatriye ak Refijye yo (GARR) ki ap kolabore depi 2013 nan kad divès pwojè sou edikasyon sou dwa moun.


Paternitya sa a **ankouraje nou itilize apwòch ki chita sou dwa moun** pou pèmèt kolaborasyon an fèt ant divès gwoup epi lite pou egalite jan

### Gras ak kolaborasyon sa a




## Faktè yo


Faktè ki reprezante yon obstak pou patisipasyon fanm yo nan desizyon k ap pran yo :




Chay responsabilite fanmi lan ki sou do yo



Jan moun yo wè danje ki genyen nan aktivite politik



Manke kòb



Denigreman

## Yon pwoblèm ki gen priyorite nan nivo nasyonal

Ann Ayiti gen yon kad politik ak lejislatif ki an favè egalite jan ak patisipasyon fanm yo nan desizyon k ap pran yo.


- Yon politik pou egalite Fanm/Gason (2014-2034)
- Divès atik nan Konstitisyon an tabli prensip egalite ant fanm ak gason
- Divès atik nan Kòd penal la wete vyòl nan lis krim onè epi ogmante pèn pou moun ki fè krim yo

Malgre sa, inegalite ki gen pou wè ak jan yo ogmante.


## Ankouraje patisipasyon fanm yo nan desizyon k ap pran yo ap bay egalite jan Bourad:



Si nou kore bonjan patisipasyon fanm nan komunitè pa yo



Si nou ankouraje otonomizasyon fanm yo alontèm



Si nou ankouraje yo tabli bonjan prensip sosyal ki plis favorab epi ki plis chita sou egalite


# Ranmase enfòmasyon / done

## Objektif | Konsilte kominote ki sible yo konsènan tematik la

### Pwosesis

1 Analiz kontèks

2 Ranmase enfòmasyon / done · janvye-fevriye 2020



**Ki moun ?**



90

Patisipant ak patisipan antou



26

jenn  
fanm



25

grammoun  
fanm



18

jenn  
gason



21

grammoun  
gason


**Kòman ?**



12

entèvyou

entèmedyè · òganizasyon fanm  
Otorite nan Leta




16

gwoup  
diskisyon

jenn fanm · grammoun fanm  
jenn gason · grammoun gason

3 Analiz enfòmasyon / done yo




Konpile enfòmasyon /  
done ki ranmase yo




Identife pwen ki menm yo  
ak pwen ki pa menm yo

4 Pataj ak validasyon enfòmasyon / done yo



Prezante  
rezulta yo



Valide rezulta ak  
rekòmandasyon yo

5 Reyalizasyon aktivite yo soti 2020 rive 2024

6 Evalyasyon

# Egalite jan

**« Gason yo an majorite tout kote.  
Anpil fwa, menm lè fanm yo an majorite,  
yo annik suiv desizyon gason yo pran. »**

Fanm Jakmèl

## Pi gwo pwoblèm ki gen enfliyans sou fanm yo

### Aksè pou jwenn opòtinite yo ak resous yo limite

- Aksè pou jwenn moso ledikasyon difisil, sitou pou etid nan inivèsite
- Aksè pou jwenn opòtinite pou patisipe nan desizyon k ap pran yo limite
- Aksè pou jwenn resous ekonomik yo pa anpil




### Jan yo separe travay ki pou fèt yo pa egalego

- Plis travay nan kay
- Plis responsabilite nan zafè pran swen timoun




### Manke sekirite

- Vyonans ki chita sou jan (nan pawòl, fizik, emosyonèl ak sikolojik)
- Menas
- Vyonans lan ogmante lè fanm yo ap patisipe nan desizyon k ap pran yo




### Pran desizyon

- Nivo fèb nan zafè konfyans nan kapasite pou fè pwomosyon pou egalite jan
- Pa gen patisipasyon nan desizyon k ap pran yo
- Manke opòtinite pou patisipe nan desizyon k ap pran yo



**Vyonans yo fè sou fanm yo mete sou kote yo pi grav toujou akòz prejje yo fè sou yo ak sipò yo manke jwenn nan men Leta. Konsa, yo bliye yo oswa yo kache siti�asyon y ap viv la, lè sa posib.**



# Patisipasyon fanm yo nan desizyon k ap pran yo

## Patisipe nan desizyon k ap pran yo vle di moun yo gen



nan espas kote y ap pran desizyon yo

Mete sou prezan yo prezan fizikman, patisipasyon fanm yo vle di yo ka enfliyanse nan yon mannyè ki aktif desizyon k ap pran yo.

## Ki kote desizyon yo pran ak nivo patisipasyon fanm yo


Patisipasyon  
fanm yo  
**FÈB**



Lajistis




Polis  
nasional



Tribinal

Patisipasyon  
fanm yo  
**MWAYEN**



Lopital




Organizasyon  
sosyete sivil la




Konsèy Administrasyon  
Seksyon Kominal la


Patisipasyon  
fanm yo  
**FÒ**



Legliz



Lekòl



Vodou

## Wòl yo bay fanm yo ak gason yo an jeneral nan milye sa yo kote y ap pran desizyon

### Fanm

An jeneral yo mete yo sou kote nan dènye desizyon yo ak desizyon ki enpòtan k ap pran yo

- Grefye fanm
- Sekretè
- Moun k ap fè travay nan kay (Menajè)

- Trezoryè

### Gason

Anpil fwa, se yo ki pran dènye desizyon yo ak desizyon ki enpòtan yo

- Politisyen
- Jij
- Direktè


### Fanm yo mete sou kote

Fanm yo mete sou kote yo pa gen gwo aksè ak espas kote y ap pran desizyon yo. E si yo ta gen aksè, se travay netwayaj yo fè (menajè).

# Poukisa fanm yo mwens patisipe nan desizyon k ap pran yo ?

## Pwoblematik

**Fanm yo gen mwens pouvwa pou pran desizyon ak mwens opòtinite pase gason yo pou reyalize tout sa yo gen nan djakout yo kòm kapasite**




Mwens tan akòz travay ki gen pou fèt yo mal pataje




Manke kòb




Manke konn dwa yo genyen




Vyolans nan pawòl ak diskriminasyon




Gen kèk moun nan fanmi yo ki mete limit nan deplasman y ap fè



Aksè fizik pou rive nan espas yo difisil




**Difikilte fanm yo genyen pou reyalize tout sa yo gen nan djakout yo kòm kapasite**




## Kontèks sosyal, politik ak kiltirèl



Sosyete seksis (sosyete kote gason ap fè diskriminasyon kont fanm)



Valè ak pratik patriyakal




Pa gen anpil kolaborasyon ant òganizasyon ki nan sosyete sivil la pou fè rekonèt dwa fanm yo



Vyolans ki fèt ak zam



Goud la k ap pèdi valè



Lwa ki favorab yo pa aplike ase


# Angaje tèt ou pou egalite jan

**Tout moun nan kominote a gen yon wòl pou yo jwe pou ankouraje patisipasyon fanm yo nan desizyon k ap pran yo epi bay kontribisyon pa yo pou egalite jan.**

## Alye nan kominote a

Òganizasyon ki nan sosyete sivil la, òganizasyon fanm, aktè nan Leta, jenn fanm, jenn gason, fanm, gason, AZÈK, KAZÈK, òganizasyon kominotè de baz (OKB), tout moun ki nan kominote a ki vle enplike tèt yo.

## Rekòmandasyon kominote yo fè

 <p>Ranfòse kapasite òganizasyon fanm yo pou fè otorite yo ak divès lòt aktè pran angajman</p>	 <p>Travay pou chanje lide negatif ak estigmatizasyon sou fanm yo</p>
 <p>Ankouraje dyalòg ant moun ki nan kominote a</p>	 <p>Travay pou kwape estereyotip ki gen pou wè ak jan</p>
 <p>Chofe moun k ap pran desizyon yo ak otorite yo pou respekte obligasyon yo genyen pou defann ak respekte dwa moun</p>	
 <p>Fòme ak enfòme fanm yo ak gason yo sou dwa moun, egalite jan ak enpòtans patisipasyon fanm yo genyen nan desizyon k ap pran yo</p>	
 <p>Kore patisipasyon fanm yo ak gason yo pou yo vin lidè nan fè pwomosyon pou egalite jan</p>	

## Aksyon posib yo



## Kòman ?

